

Pou Piblikasyon Imedya: 06/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

NAN KA KE OU TE RATE LI: LÈT OUVÈT GOUVÈNÈ CUOMO NAN NEW YORK TIMES: YO DWE REJTE ATAK TRUMP AP FÈ KONT DWA POU AVÒTE

“Mesye Trump ak Legliz Katolik opoze ak aksyon eta a tankou Lwa sou Sante Repwodiksyon - menm si yo senpleman kodifye lwa federal ekzistan ak pratik ki solidman etabli. Men objeksyon sa yo pa sèlman konsènan okazyon ra kote yon fanm fè yon avòtman pou l ka pwoteje sante l oubyen vi l. Sa a konsène dezi Mesye Trump ak alye li yo sou dwat la pou entèdi avòtman konplètman. Sa a konsène retounen Etazini nan peryòd ki presede Roe yo”.

Jodi a, New York Times te pibliye yon atik editoryal Gouvènè Andrew M. Cuomo an repons a Prezidan Trump ki atake lwa New York ki pwoteje dwa repwodiksyon fanm ak pwopoze entèdi pwoteksyon ki ekziste nan kad Roe v. Wade pandan diskou Eta Inyon li an. Mwa pase a, Gouvènè Cuomo [te siyen Lwa sou Sante Repwodiksyon \(Reproductive Health Act\)](#) ki kodifye pwoteksyon nan Roe v. Wade kòm lwa nan Eta New York. Tèks editoryal la disponib anba a ak sou entènèt [isit la](#).

Nan diskou Eta Inyon li an nan Madi swa, Prezidan Trump te atake lwa New York te pase mwa dènye ki kodifye dwa yon fanm pou avòte, epi li te pwopoze pou lejislasyon federal retire pwoteksyon ki ekziste nan kad desizyon 1973 Roe v. Wade. Dyatrib prezidan an te fè pati eskalasyon atak ekstrèm dwat la kont dwa konstitisyonèl fanm.

Li enpòtan pou n raple an 1999, byen lontan anvan li te kandida pou l prezidan, Mesye Trump te dekri tèt li kòm “anfavè chwa anpil”. Jodi a li deklare li kont chwa, epi li sanvègoy ap koutize dwat relijye a pou l ka genyen vòt.

Jodi a twòp diskou politik vini ekstrèm. Men emosyon monte wo espesyalman lè politik ak relijyon rankontre - kòm nan kad deba konsènan dwa yon fanm pou l chwazi. Kòm yon Katolik Romen, mwen entiman familye ak opinyon legliz la genyen solidman. Malgre sa, mwen pa kwè valè relijye ta dwe kondwi pozisyon politik.

Mwen fèk siyen Lwa sou Sante Repwodiksyon kòm lalwa pou pwoteje kont efò Repibliken pou plen Lakou Siprèm (Supreme Court) lan ak konsèvatè ekstrèm pou defèt pwoteksyon konstitisyonèl ki rekonèt atravè Roe v. Wade.

Lakou Siprèm nan fason repete te reyafime Roe, nan plizyè desizyon, tankou resaman an 2016, epi li te resevwa sipò nan men jij ki te chwazi atravè prezidan ki alafwa demokrat ak repibliken. An reyalyte, yo te deside Roe nan yon moman kote Repibliken kontwole Mezon Blanch lan (White House), anban yon jij an chèf, Warren Burger, ki te resevwa nominasyon nan men Richard Nixon. Otè desizyon se te yon lòt jij Nixon, Harry Blackmun.

Kòm Jij Sandra Day O'Connor, yon Repibliken ki te resevwa pozisyon nan men Ronald Reagan, te deklare an 1992 nan desizyon Planned Parenthood v. Casey, tribinal la rekonèt "dwa yon fanm pou l chwazi pou l gen yon avòtman anvan vyabilite epi resevwa li san entèferans enjistifye nan men eta a". Li te konfime tou "pouvwa eta a pou limite avòtman apre vyabilite fetis, si lwa genyen eksepsyon pou gwosès ki mete andanje lavi oubyen sante fanm lan".

Kòm pati nan atak yo kont dwa fanm, Mesye Trump ak alye li yo ap entansyonèlman pwopaje manti sou Lwa sou Sante Repwodiksyon New York la. Objektif yo se pou mete fen a tout avòtman legal nan nasyon nou an.

Lwa sou Sante Repwodiksyon an garanti dwa yon fanm pou avòtman nan premye 24 semèn nan yon gwosès oubyen lè fetis la pa vyab, epi pèmèt li apre sa sèlman lè lavi oubyen sante yon fanm menase oubyen andanje. Kontrèman a sa detraktè li yo ap deklare, Lwa sou Sante Repwodiksyon an pa pèmèt avòtman kèk minit anvan akouchman, ni nonplis li pa otorize avòtman nan twazyèm trimès pou "kèlkeswa rezon". Pwosedè nan twazyèm trimès ekstrèman ra, yo reprezante sèlman 1 pousan tout avòtman. Opsyon an disponib ekzakteman pou rezon yo deklare nan Roe ak ka siksesif yo: pou pwoteje lavi oubyen sante fanm lan.

Menm si New York te yon pyonye nan pwoteje dwa fanm pou yo chwazi, nou pat aktyalize lwa nou yo apre Roe pou konfòme l ak dwa ki etabli atravè Lakou Siprèm, patikilyèman konsènan dwa yon fanm pou pran desizyon pou pwoteje sante l. Epi nan yon anviwònman politik ki depli-zan-pli agresif, gen enkyetid kontini tribinal la pral rejte presedan Roe an.

Enkyetid sa yo te ogmante ak konfimasyon de jij ekstrèm dwat ki te eksprime opozisyon yo a presedan ki etabli nan Roe, Neil Gorsuch ak Brett Kavanaugh. Majorite obsèvatè nan Lakou Siprèm kwè kesyon an se pa si yo pral rejte Roe, men se kilè.

Kèk eta, tankou New York, santi ijans pou pwoteje dwa sitwayen yo. Mesye Trump ak Legliz Katolik opoze a aksyon eta tankou Lwa sou Sante Repwodiksyon - menm si yo senpleman kodifye lwa federal ekzistan ak pratik ki solidman etabli.

Men objeksyon sa yo pa sèlman konsènan okazyon ra kote yon fanm fè yon avòtman pou l ka pwoteje sante l oubyen vi l. Sa a konsène dezi Mesye Trump ak alye li yo sou dwat la pou entèdi avòtman konplètman. Sa a konsène retounen Etazini nan epòk ki presede Roe yo.

Mesye Trump ak dwat relijye a ap pwopaje mansonj sou lwa New York la pou eksite baz yo an. Aktivis nan ekstrèm dwat lan kontinye ap twonpe gras ak deklarasyon ridikil tankou lwa a pral otorize avòtman jiska yon minit anvan nesans.

Menm si Kadinal Timothy Dolan, achevèk New York lan, ak Legliz Katolik rete kont chwa, majorite ameriken, sa enkli majorite fidèl katolik, rete anfavè chwa. Nan 73 pousan Nouyòkè ki sipòte Roe, sa enkli 59 pou san ki se fidèl katolik. Menm si gouvènman ka byen dekrete lwa ki konsistan ak edikasyon relijye, gouvènman pa pase lwa pou yo konsistan ak sa yon relijyon an patikilye dikte.

Mwen te resevwa edikasyon nan lekòl relijye, epi mwen se yon ansyen anfannkè. Kwayans Katolik Romen mwen se kwayans pèsònèl mwen. Desizyon mwen chwazi pran nan lavi m, oubyen nan konsèy m bay pitit fi mwen yo, baze sou moral pèsònèl ak kwayans relijye mwen.

Gras ak fondatè nasyon sa a, pyès reprezantan ofisyèl pa gen pouvwa pou l rann kwayans relijye vini lalwa pou peyi a. Sèman pwofesyonèl mwen se pou Konstitisyon Etazini an ak Eta New York la - pa pou Legliz Katolik. Relijyon m pa ka ekzije paspouki pandan m ap ekzekite devwa piblik mwen yo.

Peyi nou an fonde sou ide pliralis. Premye Amannman an defini libète ki pi sakre pou nou yo, sa enkli libète laprès, libète lapawòl ak libète pou rasanble. Men premye sa ki sou lis la se libète relijyon. Nou pa kapab genyen vrè libète relijyon san nou pa separe legliz ak eta a. Epi peyi an pa ka fonksyone si fonksyonè relijye ap dikte politik bay reprezantan ofisyèl.

Se sèlman lè nou separe devwa konstitisyonèl ak kwayans relijye nou ka gen yon peyi ki otorize tout moun posiblite pou pouswiv pwòp prensip teyolojik ak moral yo nan yon nasyon ki rete fidèl a prensip fondatè ki se libète relijyon.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)